# MÁMLEKETLIK MEKTEPKE ShEKEMGI BILIMLENDIRIW MÁKEMELERI XÍZMETKERLERINIŃ AYÍRÍM KATEGORIYaLARÍ MIYNETINE HAQÍ TÓLEWDI JETILISTIRIW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Úzliksiz bilimlendiriw birden-bir sistemasınıń áhmiyetli buwını sıpatında mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw, xızmetkerlerdiń miynetine haqı tólew hám materiallıq xoshametlewdiń múnásip sharayatların jaratıw, joqarı maman kadrlardı, sonıń ishinde, pitkeriwshilerdi tartıw, jámiyette mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri pedagoglarınıń abıroyın arttırıw maqsetinde:

Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligi, Qarjı ministrligi hám Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrliginiń mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri xızmetkerleriniń ayırım kategoriyalarınıń:
a) 2018-jıl 1-marttan baslap – baslıqlar, tárbiyashılar, metodistler, oqıtıwshılar, defektologlar, psixologlar, muzıka basshıları hám tárbiyashınıń járdemshileri miynetine haqı tólewdiń bazalıq tarif stavkaların 30 procentke;

b) 2018-jıl 1-sentyarden baslap:

tayarlıq (5 jastan 6-7 jasqa shekem) toparınıń tárbiyashıları, joqarı maǵlıwmatlı oqıtıwshılar, defektologlar, psixologlardıń miynetine haqı tólewdiń bazalıq tarif stavkaların, olardıń bazalıq tarif stavkaları muǵdarların ulıwma bilim beriw mektepleri baslawısh klass oqıtıwshılarınıń bazalıq tarif stavkaları muǵdarlarına teńlestirgen halda 30 procentke;

joqarı yamasa orta arnawlı, kásip-óner pedagogikalıq maǵlıwmatlı tárbiyashınıń orınbasarları miynetine haqı tólewdiń bazalıq tarif stavkaların 20 procentke;

mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri basshılarınıń miynetine haqı tólewdiń bazalıq tarif stavkaların 10 procentke differenciyallap arttırıw haqqındaǵı usınısına kelisim berilsin.

Qashqadárya wálayatınıń Diyqanabad, Kasbi, Mirishkor, Qamashi, Chiroqchi, Nishon, Yakkaboǵ hám Ǵuzor rayonlarında, Buxara wálayatınıń Alat, Shofirkon, Qorakwl, Peshku hám Romitan rayonlarında, Surxandárya wálayatınıń Qiziriq, Muzrabot, Oltinsoy, Boysun, Qumqwrǵan, Uzun, Sariosiyo rayonlarında jaylasqan mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde balalar saqlanǵanı ushın ámeldegi ata-analar tóleminiń muǵdarı 2023-jıl 1-yanvarǵa shekemgi múddette eki esege azaytılsın.
2018-jıl 1-marttan baslap mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde tárbiyashınıń járdemshisi miynetine haqı tólew tártibi bazalıq tarif stavkalarınan kelip shıǵıp engizilsin.
Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi:
2018-jılı usı qararǵa muwapıq mámleketlik bilimlendiriw mákemeleri xızmetkerleriniń miynetine haqı tólewdiń bazalıq tarif stavkaların arttırıw boyınsha qosımsha qárejetler Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjeti esabınan qarjılandırılıwın támiyinlesin, 2019-jıldan baslap bolsa Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjeti parametrlerin qáliplestiriwde usı qárejetlerdi názerde tutsın;

mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerin materiallıq xoshametlewdiń arnawlı qorın qáliplestiriwge nızam hújjetlerinde belgilengen miynetke haqı tólew fondınıń qatań túrde 15 procenti muǵdarında qosımsha qarjılar ajıratılıwın támiyinlesin.

Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligi materiallıq xoshametlewdiń arnawlı qorı qarjılarınan maqsetli hám mánzilli paydalanılıwı ústinen sistemalı qadaǵalaw ornatsın. Mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri qárejetleri smetalarında olar ayrıqsha qatarda ajıratılıwın názerde tutsın.
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Ózbekstan Respublikasınıń 2018-jılǵı tiykarǵı makroekonomikalıq kórsetkishleri boljawı hám Mámleketlik byudjet parametrleri haqqında»ǵı 2017-jıl 2o-dekabrdegi PQ-3454-sanlı qararınıń 32-qosımshasına qosımshaǵa muwapıq ózgeris kirgizilsin.
Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligi mápdar ministrlikler hám vedomstvolar menen birgelikte nızam hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında bir hápte múddette Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.
Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı Q.V.Akmalovqa, Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı – qarjı ministri J.A.Qwchqarovqa hám mektepke shekemgi bilimlendiriw ministri A.V.Shinge júklensin.
Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 28-fevral

* * *

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri xızmetkerleriniń ayırım kategoriyaları miynetine haqı tólewdi jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararına TÚSINIK

Elimiz Prezidentiniń baslaması menen házirgi kúnde úzliksiz bilimlendiriw sistemasınıń áhmiyetli buwını bolǵan mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawın rawajlandırıw hám jumısın jetilistiriw, tárbiyalanıwshılar ushın qolaylı sharayatlar jaratıw boyınsha keń kólemli reformalar ámelge asırılmaqta. Usı reformalardıń logikalıq dawamı sıpatında «Mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri xızmetkerleriniń ayırım kategoriyaları miynetine haqı tólewdi jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararın atap ótiwimiz múmkin.

Ótken jıllar dawamında mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasında jumıs islep atırǵan basshı hám pedagog xızmetkerlerdiń, mektepke

shekemgi bilimlendiriw mákemesindegi tálim-tárbiyaǵa juwapker xızmetkerlerdiń miynetin xoshametlewge jeterli dárejede itibar qaratılmaǵanlıǵın atap ótiw zárúr.

Máselen, 1993-jılǵa shekem mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleriniń tárbiyashısı hám ulıwma bilim beriw mektepleriniń baslawısh klass oqıtıwshısı miynetine haqı tólew muǵdarı birdey bolǵan bolsa, Húkimettiń ayrıqsha qararları menen házirge shekem ulıwma bilim beriw mektepleri pedagog xızmetkerleriniń miynetine haqı tólew muǵdarları bir neshe márte arttırılǵanı halda mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri xızmetkerleriniń miynet haqı muǵdarları ózgerissiz qaldırılǵanlıǵı esabınan olardıń ortasha miynet haqı muǵdarı ulıwma bilim beriw mektebiniń baslawısh klass oqıtıwshısına salıstırǵanda tek ǵana 60 procentti quraydı.

Bul bolsa. óz gezeginde, mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri pedagog xızmetkerleriniń talantı, kásiplik sheberligi hám jumısında jeke úlesi kózge taslanbawına hám mákemeniń pedagogikalıq potencialın tómenletiwge alıp kelgen.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri xızmetkerleriniń ayırım kategoriyaları miynetine haqı tólewdi jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararı, áne, usı mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawında joqarıda atap ótilgen qáte-kemshiliklerdi saplastırıw maqsetinde qabıl etilgen. Usı qarar menen mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleriniń ayırım xızmetkerleriniń miynet haqı tólemlerin tómendegi muǵdarlarda 2 basqıshta arttırıw názerde tutılǵan:

2018-jıl 1-marttan-baslıq, tárbiyashı, metodist, oqıtıwshı, defektolog, psixolog, muzıka basshısı hám tárbiyashınıń járdemshisi 30 procentke;
2018-jıl 1-sentyabrden:
joqarı maǵlıwmatqa iye bolǵan tayarlıq toparı (5 jastan 6-7 jasqa shekem) tárbiyashısı, oqıtıwshı, defektolog, psixolog 30 procentke;

joqarı yamasa orta arnawlı, kásip-óner pedagogikalıq maǵlıwmatqa iye bolǵan tárbiyashınıń járdemshisi 20 procentke;

mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemesiniń baslıǵı 10 procentke.

Sonıń nátiyjesinde mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde miynet etip atırǵan jámi 93555 xızmetker, sonnan 4908 baslıq, 3924 joqarı maǵlıwmatlı tárbiyashı, 39523 orta arnawlı maǵlıwmatlı tárbiyashı, 673 metodist, 3765 defektolog, 1450 psixolog, 33259 tárbiyashınıń járdemshisi hám 7503 muzıka basshısınıń miynet haqıları sezilerli dárejede arttırıladı.

Usı qararda 2018-jıl sentyabr ayınan baslap joqarı maǵlıwmatqa iye bolǵan tayarlıq toparı (5 jastan 6-7 jasqa shekem) tárbiyashısınıń miynetine haqı tólewdiń bazalıq tarif stavkalarınıń muǵdarı ulıwma bilim beriw mektepleri baslawısh klass oqıtıwshılarınıń bazalıq tarif stavkaları muǵdarına teńlestiriliwi belgilep qoyılǵan.

Bunnan tısqarı, qarar menen mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alıw dárejesin arttırıw maqsetinde hám awıllıq jerlerdegi xalıqtıń turmıs dárejesin inabatqa alıp, Qashqadárya wálayatınıń Diyqanabad, Kasbi, Mirishkor, Qamashi, Chiroqchi, Nishon, Yakkaboǵ hám Ǵuzor rayonlarında, Buxara wálayatınıń Alat, Shofirkon, Qorakwl, Peshku hám Romitan rayonlarında, Surxandárya wálayatınıń Qiziriq, Muzrabot, Oltinsoy, Boysun, Qumqwrǵan, Uzun, Sariosiyo rayonlarında jaylasqan mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde 2023-jıldıń 1-yanvarına shekem ata-analardıń tóleminiń tólem muǵdarın 50 procentke azaytıw názerde tutılǵan.

Húkimetimiz tárepinen mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasında miynet etip atırǵan xızmetkerlerdiń materiallıq jaqtan qollap-quwatlanıwı hám awıllıq aymaqlarda baqshalar ushın ata-analar tóleminiń keskin azaytılıwı mektepke shekemgi jastaǵı balalardı baqshalarǵa qamtıp alıw dárejesin arttırıwǵa hám mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde tálim-tárbiyanıń sapasın jáne nátiyjeliligin támiyinlewge xızmet etedi.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉

Vazirlar Kengashi Statistik va tahliliy ma'lumotlar Vazirliklar va idoralar Shahar va tuman hokimliklari Hujjatlar Respublika mehmonlariga Elektron hukumat Interaktiv davlat xizmatlar